



Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

Enfòme. Edike. Defann.

Kominike ak Lekol Pitit ou

YON TI KOUT JE

Kominikasyon solid se yon kle nan relasyon lakay ak lekòl. Kòm paran, ou gen enfòmasyon sou pitit ou ke ou ka itilize pou enfòme pwofesè pitit ou a sou koman li aprann, fòs li yo, bezwen li yo, ansanm ak lòt solisyon ke moun kap travay nan sistèm lekòl la pa konnen. Asire ou ke fòk la rete sou pitit ou pou satisfè bezwen li yo. *“Ann brase lide pou nou wè sa nou ka jwenn.”*

Etap 1. Kenbe fòk ou a pozitif

Pa kite panse pwoblèm ki te pase nan lekòl oubyen lòt panse negatif antre nan tèt ou. Fòk pozitifman sou objektif ou ak panse ke lekòl la vle sa ki bon pou pitit ou. Si ou gentan panse ou pral jwenn difikilte lè wap rankontre ak pèsònèl lekòl la, Panse w ak kò w pral prepare pou batay. Respire, Pa kite kolè w oubyen fristrasyon kaze efò ke ou fè yo pou pataje ide w oubyen enkyetid ou pou siksè pitit ou.

Etap 2. Priyotize ak planifye

Kisa ki pi enpotan ki dwe fèt pou pitit ou a? Fè yon lis tout pwoblèm yo, kesyon, ansanm ak lòt solisyon. Nimerote yo. Deside kiyès ladan yo ki dwe adrese imedyatman ansanm ak lòt ou ka kite. Planifye koman ou ka bay oubyen pran nan lide pou ou ka rive nan pi gwo objektif la. Ekri tout sa ou gen pou ou di, ak fè Pratik si sa ka ede w.

Etap 3. Tande aktivman pèspektiv lòt moun nan

Si ou pa konprann sa lòt moun nan ap di a, fè yo konnen sa. Fòk ou dirèk. *“Mwen pa konprann sa u di a”.* Èske ou ka eksplike l nan yon lòt fason oubyen banm kèk egzanp? Èske gen yon bagay ou ka montrem alekri pou mwen ka finn konprann? Kontinye mande epi tann repons jiskaske ou konprann nèt. Reziste ak tantasyon pou reponn pwòp kesyon pa w oubyen mete pawòl nan bouch yon lòt moun.



Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki la pou ede paran angaje yo nan edikasyon pitit yo.

Etap 4. Klarifye deklarasyon w yo si ou wè yon ekspresyon nan figi yon moun ke ou pa konprann, oubyen mande klarifikasyon

Redi pwoblèm nan pou ou menm ak lòt yo ka klè sou sa yo konprann nan. Jwenn yon imaj ki klè sou sa yon moun ap di ka ede korije enfòmasyon ki enpòtan pou rezoud yon pwoblèm. **Pou w ka konprann byen:** “Sanble mpap eksplike sa byen, sa map eseye di a se ...”. **Pou ou ka byen konprann:** “sanble ke ou di ...”. “Si mwen byen konprann, Ou di ke ... Èske se sa?” ... “Èske sa ekri yon kote ke mwen ka li l?”

Etap 5. Rekonèt “bon bagay”


Si yon moun ede w anpil, rekonèt efò yo. Pafwa, Espesyalman lè fristrasyon monte, rekonèt sa ki te byen pase ak jan tout moun te travay di pou eklèsi bagay yo, ak fèl posib pou tout moun santi yo byen e pouse pou dènye liy lan. Si ou fè yon erè, oubyen ofanse yon moun, di padon.

Ou se moun

Mande padon vle di ke ou se moun e voye yon mesaj ke ou ka padone fot lòt moun tou. “Tanpri ak mès!” ale lwen pou kenbe konvèsasyon sivilize, e pa sezi si li ede tout moun di, “wi”.

LÒT KONSÈY POU FANMI YO

- ⇒ Konnen byen distri lekòl pitit ou, ansanm ak pwosedi ak règleman yo.
- ⇒ Kiyès ki pran desizyon yo nan lekòl la?
- ⇒ Mande ki règ ki nan klas la, abitud, e kisa pitit ou a pral aprann ane sa.
- ⇒ Asire ou ke lekòl la gen bon enfòmasyon sou kilè ki pi bon pou kontakte w.
- ⇒ Ofri pou yon volontè (nan ak deyo lekòl la).
- ⇒ Kenbe tout kopi lèt/imèl ou ekri pèsònèl lekòl la, avoka ak tout lòt ki nan relasyon ak pitit ou, ansanm ak repons yo. Ekri kesyon ou te poze yo ak repons ou te resevwa.



Pou plis enfòmasyon ale sou www.picofdel.org oubyen rele nan (888) 547-4412



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki la pou ede paran angaje yo nan edikasyon .